Pou Piblikasyon Imedya: 15/06/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON GWO ELAJISMAN NAN PWOGRAM SUNY RECONNECT AK CUNY RECONNECT YO

Ranfòse angajman Gouvènè Hochul pou asire etidyan yo kapab pousuiv yon diplòm kalite siperyè ak pri abòdab nan SUNY ak CUNY

Gen ladan plis pwogram ki gen gwo demann ak elajisman nan pwogram diplòm asosye yo nan uit kolèj SUNY ak nan twa kolèj CUNY, anplis kolèj kominotè yo atravè Eta a

Inisyativ Kolèj Kominotè Gratis Gouvènè Hochul la ofri frè lekòl, frè, liv ak founiti pou adilt ki elijib k ap aprann ki gen ant 25 a 55 ane k ap chèche fòmasyon nan domèn ki gen gwo demann

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse elajisman pwogram SUNY Reconnect ak CUNY Reconnect yo kòm yon pati nan Bidjè 2026-2027 ki te adopte a, pou bay plis adilt k ap aprann atravè Eta Nouyòk aksè a yon diplòm kalite siperyè ak pri abòdab nan SUNY ak CUNY, sa ap prepare Nouyòkè yo pou reyisi nan mendèv la. Nan kad inisyativ SUNY Reconnect ak CUNY Reconnect la, Eta Nouyòk ap bay frè lekòl, frè, liv ak founiti gratis pou adilt ki gen ant 25 pou rive 55 ane ki poko gen yon diplòm kolèj e ki vle pousuiv yon diplòm asosye (etid dezan) nan yon domèn ki gen gwo demann.

"Pri pou yon diplòm kolèj pa ta dwe janm yon baryè pou Nouyòkè yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè elajisman SUNY Reconnect ak CUNY Reconnect yo, edikasyon ap vin pi abòdab ak pi aksesib pou plis adilt k ap aprann nou yo. Tout moun ta dwe gen yon chans pou reyalize rèv pèsonèl ak pwofesyonèl yo. Kounye a, elèv yo — kèlkeswa laj yo — kapab fè sa, epi bay yon koutmen nan endistri ki gen gwo demann yo, sa ki pral ede ranfòse ekonomi Eta Nouyòk."

Bidjè 2026-2027 Gouvènè Hochul ki te adopte a elaji SUNY ak CUNY Reconnect pou enkli diplòm asosye nan chèn apwovizyònman/lojistik, kontwòl trafik ayeryen ak jesyon avyasyon, ansanm ak jesyon ijans. Bidjè Eta a yo te adopte a fè li pi fasil tou pou adilt k ap aprann yo retounen nan kolèj pou etidye enfimyè, menm si yo deja genyen yon diplòm nan yon lòt domèn, sa ap ede ranfòse mendèv enfimyè a nan Eta Nouyòk epi sipòte objektif Gouvènè Hochul genyen pou ogmante mendèv swen sante a nan 20 pousan.

Bidjè 2026-2027 yo te adopte a elaji SUNY Reconnect tou pou enkli pwogram diplòm asosye ki elijib nan enstitisyon ki bay diplòm lisans yo. Nan SUNY, sa gen ladan: Alfred State, SUNY Agriculture and Technology at Cobleskill, SUNY Canton, SUNY Delhi, SUNY College of Environmental Science and Forestry (SUNY ESF), SUNY Farmingdale State College, SUNY Maritime College ak SUNY Morrisville. Nan CUNY, CUNY Reconnect yo pral elaji pou sipòte pwogram diplòm asosye yo nan: New York City College of Technology, Medgar Evers College ak College of Staten Island.

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Inisyativ SUNY Reconnect Gouvènè Hochul la, fè li posib pou adilt k ap aprann yo atravè tout eta a angaje yo nan yon chemen pou yo monte nivo sosyal yo epi pouswiv karyè rèv yo. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou envestisman kontinyèl li ak angajman li nan edikasyon siperyè piblik ki abòdab, epi Konsèy Administrasyon SUNY a pou lidèchip li, pou plis Nouyòkè kapab jwenn aksè ak yon edikasyon kalite siperyè ki chanje lavi atravè SUNY."

Manm Konsèy Administrasyon SUNY an, deklare, "SUNY Reconnect te bay opòtinite edikatif transfòmatè pou adilt k ap aprann yo atravè Nouyòk. Nou angaje nou pou asire Nouyòkè yo gen aksè ak yon edikasyon siperyè piblik ki abòdab e ki ekselan, epi pou kanpis SUNY yo atravè eta a akeyi nouvo etidyan yo epi pèmèt yo reyalize rèv yo. Mèsi a Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li bay SUNY, ak adilt nou yo k ap aprann."

Rektè CUNY, Félix V. Matos Rodríguez, te deklare, "CUNY felisite elajisman inisyativ Reconnect Gouvènè Hochul la, ki louvri pòt pou adilt k ap aprann yo, ki gen objektif karyè ki kouvri yon pi gwo varyete domèn espesyalize, epi ki pwolonje opòtinite enpòtan sa yo bay etidyan diplòm asosye yo nan twa kolèj konplè nou yo — enstitisyon katran ki ofri pwogram diplòm asosye. N ap bay Nouyòkè yo pouvwa pou yo kondwi ekonomi eta nou an epi pou yo reponn plis ak bezwen ijan nou genyen nan mendèv la."

SUNY ak CUNY Reconnect, Gouvènè Hochul te dirije epi Lejislati Eta a te sipòte, te lanse an me 2025 epi yo te kòmanse ofisyèlman nan kolèj kominotè yo atravè Eta Nouyòk nan semès otòn 2025 lan. Atravè pwogram nan, Eta Nouyòk bay frè lekòl, frè, liv ak founiti gratis pou adilt ki gen laj ant 25 pou rive 55 an ki poko genyen yon diplòm kolèj e k ap pouswiv yon diplòm asosye nan yon domèn ki gen gwo demann.

SUNY Reconnect ak CUNY Reconnect bay rezilta ekstraòdinè. Atravè tout eta a, kolèj yo enskri plis pase 12,000 elèv nan pwogram nan, sa ki sipòte ekonomi ak mendèv Eta Nouyòk la plis toujou nan endistri ki gen anpil demann yo.

SUNY Reconnect ak CUNY Reconnect pral finanse diplòm nan domèn ki gen gwo demann tankou:

- Fabrikasyon avanse
- Kontwòl Trafik Ayeryen ak Jesyon Aviyasyon* (nouvo pou Ane Akademik 2026-2027 la)
- Entèlijans atifisyel
- Sibèsekirite

- Enjenyeri
- Jesyon ijans* (nouvo pou ane akademik 2026-2027 la)
- Chèn apwovizyònman/Lojistik* (nouvo pou ane akademik 2026-2027 la)
- Teknoloji
- Domèn enfimyè ak paramedikal
- Enèji vèt ak renouvlab
- Chemen pou ansèyman nan zòn ki gen mankman

Depi lansman SUNY Reconnect la an me 2025, Chanselye King ap vizite kolèj kominotè SUNY yo pou fè pwomosyon pwogram nan kòm yon pati nan Toune SUNY Reconnect la. Toune a, ki te kòmanse an jen 2025 nan Dutchess Community College, te gen ladan l vizit nan Tompkins Cortland Community College, SUNY Schenectady Jefferson Community College, Suffolk County Community College, SUNY Niagara, SUNY Erie Community College, Jamestown Community College, Monroe Community College, SUNY Broome, SUNY Adirondack, Rockland Community College, Ulster Community College, Westchester Community College, Columbia-Greene Community College, Clinton Community College, Herkimer County Community College, Fulton-Montgomery Community College, North Country Community College, Finger Lakes Community College, Cayuga Community College, Hudson Valley Community College, SUNY Sullivan, SUNY Orange, SUNY Genesee ak Corning Community College.

CUNY te lanse yon gwo kanpay maketing Reconnect prentan sa a ki vize adilt k ap aprann, ak yon konsantrasyon espesyal sou karyè nan swen sante, edikasyon, teknoloji ak kominikasyon. Kanpay la ap pase nan metwo Vil Nouyòk yo, otobis, feri, Metro-North, Long Island Rail Road, radyo, televizyon ak sou platfòm dijital. Chanselye Matos Rodríguez te vizite yon klas edikasyon pou timoun piti ki fè pati pwogram nan pou mete aksan sou wòl inivèsite a nan fòmasyon edikatè ki nesesè anpil pou elaji gadri inivèsèl.

Senatè Eta Toby Ann Stavisky te deklare, "Retounen nan kolèj kòm yon adilt se youn nan desizyon ki pi difisil yon moun ka pran. Travay yo, fanmi yo, ak bòdwo yo pa kanpe pandan ou ap etidye. SUNY Reconnect ak CUNY Reconnect rekonèt sa. Lè yo kouvri liv ak founiti ansanm ak frè lekòl, pwogram nan retire ti depans chak jou ki fè twòp moun oblije mete yon diplòm sou kote. Pwogram sa a ap fè yon travay fenomenal pou sipòte epi prepare adilt k ap aprann yo pou karyè kote Nouyòk bezwen yo plis la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou travay kontinyèl li pou kenbe yon diplòm ekselan ak abòdab nan men chak Nouyòkè ki pare pou jwenn youn."

Manm Asanble Alicia L. Hyndman te deklare, "Plis pase 12,000 elèv ki elijib, ki gen laj 25 pou rive 55 an, te enskri nan SUNY Reconnect ak CUNY Reconnect atravè Eta Nouyòk depi pwogram yo te lanse an otòn 2025. Elèv yo ap pouswiv diplòm asosye nan kolèj kominotè yo nan domèn ki varye soti nan kontwòl trafik ayeryen ak jesyon avyasyon rive nan entèlijans atifisyèl, sibèsekirite ak plis ankò. Pwogram nan bay frè lekòl gratis, frè, liv ak founiti pou adilt ki poko genyen yon diplòm inivèsite epi k ap chèche yon karyè nan yon domèn ki gen gwo demann. Pou konble vid nan swen sante

a, pwogram nan bay tou diplòm pou moun k ap chanje karyè pou antre nan sektè enfimyè a, menm si yo deja genyen yon diplòm nan yon lòt domèn. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, Prezidan Asanble a Carl Heastie ak lòt manm Lejislati Eta a pou elajisman pwogram lan nan Bidjè Eta 2026-2027 yo te adopte a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU